



MIT LEADERSHIP CENTER



# Atelye sou lidèchip ann Ayiti:

# Kapasite pou koneksyon ak aliymen

**Pwofesè Deborah Ancona  
ak Michel DeGraff**





*Modèl ki nan fondasyon travay sa a monte apre yon ane kote n ap fè rechèch, n ap kode anpil istwa sou lidèchip, n ap bati sou esperyans nou, pou nou eseye reponn kesyon sa a :*

## ***Kisa “lidèchip” ye?***

*Modèl sa a pa konplike. Men, se yon modèl ki pèmèt ou pase alaksyon pou pwojè ou yo ka ateri*



MIT LEADERSHIP CENTER





# Kèk sipozisyon ...

LIDÈCHIP SE YON KALITE KI PÈSONÈL  
(pa gen okenn teknik ki pi bon pase tout lòt)

LIDÈCHIP EGAL BON JESYON  
(fè bagay yo fèt nèt, deklannche bagay yo)

LIDÈCHIP SE TANKOU KONBIT  
(ou pa ka aji pou kont ou)



MIT LEADERSHIP CENTER





# *Objektif yo...*

## Ede w devlope kòm lidè

- Aprann yon novo modèl ak langaj pou lidèchip
- Itilize modèl la pou bati yon Ayiti k ap “dekole”
- Pratike kapasite pou lidèchip
- Reflechi sou fòs ak feblès ou kòm lidè, e kòman pou w al pi devan
- Kalkile ki sa ki pi enpòtan pou ou
- Planifye pwochen etap yo



MIT LEADERSHIP CENTER





## Premye jou – Ajannda

- Entwodiksyon/ Ki sa “lidèchip” ye?
- Modèl Lidèchip 4-KAP
- Egzèsis ki mande pou “kreye sans” epi pou “kreye koneksyon”
- Egzèsis ann ekip pou “kreye sans”
- Itilize Modèl 4-KAPASITE a (“4-KAP”) pou enplemante chanjman



MIT LEADERSHIP CENTER





# *Ki sa “lidèchip” ye?*



MIT LEADERSHIP CENTER





*Ki sa ki pi enpòtan pou ou?*



MIT LEADERSHIP CENTER





*Ki kalite lidè ou ye?*



MIT LEADERSHIP CENTER





## Yon ti jwèt kat!

1. Fè yon ti deplase epi chwazi 3 a 5 kat ki, yon jan yon mannyè, sanble byen reprezante kiyès ou ye kòm lidè. Pa pran twòp tan nan reflechi sou chwa ou fin fè yo.
2. Fòme ekip 3 a 4 moun epi brase lide (yon sèl moun alafwa) sou: ki sa kat ou yo reprezante; ki sa ou panse yo di sou ou kòm yon lidè; ki sa lòt moun panse?
3. Rapò: Ki mòd lidè n ap bezwen pou nou rive reyalize chanjman Ayiti bezwen yo?



MIT LEADERSHIP CENTER





# Dirije pandan peryòd kriz: Ki sa pou m fè kounye a? Modèl lidèchip “4-KAP”







# Dirije nan peryòd kriz

- Enfleksib
- Nan bezwen
- “Kabrit ki wè limyè oto” (sezisman klosure yo anplas)
- Debousole
- Enkyete



*Men, gwo kriz  
mennen  
laperèz...  
e laperèz fè  
nou bay  
mwens  
rannman.*



MIT LEADERSHIP CENTER





# Dirije nan peryòd kriz

- Abandone ansyen modèl mantal la
- Rasanble plis done
- Kreye yon kat nan tèt ansanm
- Verifye epi fè ajistaj
- Tire leson nan tout ti espeyans
- Senaryo

*Yon lidè ki  
djanm tout  
bon dwe rive  
kreye sans  
nan lemonn ...*





# *Kreye sans:*

**Gade sistèm lan byen nan tout lajè l**

**Fè yon kat detaye sistèm nan**

**Aji epi fè ajistaj**



MIT LEADERSHIP CENTER





*Dekri yon lidè ou te wè ki te bon anpil nan kreye  
sans nan moman kriz. Ki sa moun sa a te fè?  
Ki rezulta sa te bay?*

*Ki kalite aktivite ou kapab mete nan ekip/  
ministè/depatman pa w la pou kreye sans?*



MIT LEADERSHIP CENTER





## Dirije nan peryòd kriz

- Kite moun wè w
- Koute
- Pale verite
- Di aklè sa w konnen  
...epi sa w pa konnen
- Repete I  
epi repete I ankò
- Lonje men bay  
tout aktè yo—tout  
moun ki konnen  
yo gen mayi nan solèy

*Yon lidè ki  
djanm  
kominike  
tout tan...*



MIT LEADERSHIP CENTER





# *Kreye koneksyon:*

**Chèche ransèyman**

**Plede kòz**

**Bay moun apui**

**Rale moun vini**

**Kominike**



MIT LEADERSHIP CENTER





*Dekri yon lidè ou te wè ki te bon anpil nan fè koneksyon nan peryòd kriz. Ki sa moun sa a te fè? Ki rezulta sa te bay?*

*Ki kalite aktivite ou ka mete nan ekip/ministè/ depatman pa w la pou facilite koneksyon?*






MIT LEADERSHIP CENTER





# Dirije nan peryòd kriz

- Trase yon desen
- Nouvo posibilité
- Kadre
- Valè
- Santre/Bay jarèt



*Lidè ki djanm  
tout bon konn  
kreye vizyon  
ki pran nanm  
moun...*



MIT LEADERSHIP CENTER





# *Devlope yon vizyon:*

## Kreye yon vizyon

## Kominike vizyon an

## Kore vizyon w ak anpil enèji



MIT LEADERSHIP CENTER





*Reflechi sou mwayen ki pi bon pou byen kadre epi kominike yon vizyon. Kòman ou ta ka sèvi ak lide sa yo pou ou kominike ak manm ekip/depatman/ministè pa w la?*

*Dapre siti�asyon kriz ki devan w jodi a, ki sa, an reyalite, ou ta ka di peyi a?*




MIT LEADERSHIP CENTER





# Dirije nan peryòd kriz

- Pèmisyon pou soti nan antrav règleman yo
- Nouvo chapant
- Prezante priyorite yo aklè
- Òganizasyon ki ka frape ak tou lè 2 men



*Yon lidè ki  
djanm tout  
bon ka  
envante  
lavni.*



MIT LEADERSHIP CENTER





# *Envante:*

## Klima pou inovasyon

## Kreye chapant tou nèf

## Enplemante




MIT LEADERSHIP CENTER





# Dirije nan peryòd Kriz



*Modèl  
Lidèchip  
4-KAP*



MIT LEADERSHIP CENTER





# Travay endividyèl epi an gwooup

- 1. Pran kèk minit an plis epi, pou kont ou, konsidere pwòp pwofil 4-KAP pa w. Ki kote pozisyon w pi wo e ki kote li pi ba? Trase pwofil ou sou yon fèy bwouyon.**
- 2. Dapre travay ou epi defi ke òganizasyon w lan gen kounye a, ki konpetans ki pral pi enpòtan pou w ta devlope epi itilize? Sèvi ak yon lòt koulè pou trase pwofil travay ou.**
- 3. Sèvi ak yon twazyèm koulè pou trase pwofil ke ou ta renmen genyen.**
- 4. Fòme ti gwooup, pataje analiz nou yo youn ak lòt.  
Konsidere ki pwochen etap ke egzèsis la deklannche.  
Ki konpetans ki pral pi nesesè pou Ayiti ka ale pi devan?**



MIT LEADERSHIP CENTER






## Dirije nan peryòd kírz

- Fòk imobilite tounen aksyon
- Fòk izòlman tounen kominote
- Fòk laperèz tounen lespwa; fòk dout tounen fyète
- Fòk gade dèyè tounen inovasyon

*Peryòd kriz  
egzije pou  
nou ofri sa  
ki pi bon*



MIT LEADERSHIP CENTER





*Premyèman, ekri repons pa w pou kont ou.  
Apre sa, diskite repons sa yo an gwooup.  
Pou kesyon 3–4, ekri repons yo sou ti kat  
yo.*

- 1. Ekri 2 bagay ou vle sonje de sesyon jodi a?**
- 2. Ekri 2 bagay ou menm, kòm lidè, ou vle fè yon lòt jan akoz de sa w aprann jodi a**
- 3. Ekri 2 bagay ki pa fin klè pou ou nan sesyon jodi yo?**
- 4. Ekri 2 bagay ou ta renmen chanje nan atelye a pa rapò ak sesyon k ap vini yo (vandredi ak samdi)**



MIT LEADERSHIP CENTER





# Prensip pou devlope yon vizyon

- Konsantre sou sa w vle a; pa annik kouri pou sa w pa vle
- Konsantre sou rezulta; pa konsantre sou ki sa sa ap mande pou ou ta rive la
- Konsantre sou sa w vle a; pa konsantre sèlman sou sa ki parèt posib



MIT LEADERSHIP CENTER





# Prensip pou devlope yon vizyon

- Eske sa klè?
- Eske w vle l?
- Eske se sa w chwazi?
- Eske w sèten?



MIT LEADERSHIP CENTER

